



Sanble kòb epi investi

SPECIAL NEEDS TRUSTS:

Yon Special Needs Trust pèmèt yon moun ki genyen yon andikap jwenn aksè a lajan ki nan yon fon pou yo san risk ke yo pèdi benefis yon jwenn nan men gouvènman an.

Avi sou Special Needs Trust:

- Ou ap bezwen yon avoka oubyen yon konseye finansyè pou ede ou.
- Pwosè pou ou etabli yon fon pran tan e li koute kòb.

Jwenn avoka ki pi bon an:

Ba Leta Floride la se yon òganizasyon ki kenbe yon lis avoka yo ki anrejistre kòm etan avoka ki kapab ede ou nan zafè fon konfyans, e ki an jeneral spesyalize tou nan lwa pou moun ki aje.

- Lè ou ap chèche yon avoka pou ki ede ou avèk zafè Special Needs Trust, li enpòtan ke yo sètifye nan lwa pou moun aje.

- Vizite www.floridabar.org pou ou aprann plis.

Lè ou sanble lajan, li ede ou planifye pou objektif ou oubyen lè ou bezwen itilize lajan ou sou yon bagay ki gwo, tankou yon machin.

Si ou pa resevwa benefis nan men gouvènman an e ou pare pou ou komanse sanble kòb, kòmanse ekonomize yon montan ki piti chak semèn.

Si ou resevwa benefis nan men gouvènman an, li enpòtan ke ou ap verifye pou ou wè si genyen ankenn chanjman ki fèt nan pwogram benefis la sou sit www.ssa.gov.

Lòt Mwayen pou ou Sanble Lajan

Kont ABLE:

Yon kont ki pèmèt ou genyen yon Experyans nan lavi ki miyò ap ede ou ekonomize jiska \$14,000 pa ane san ke ou pa pèdi èd nan men gouvènman an. Aprann plis lè ou vizite www.ableunited.com.

PASS Program:

Plan an ki genyen kòm objektif pou ou sipòte tèt ou se yon pwogram ki dedye a moun ki resevwa lajan adisyonèl pou sekirite. Yon kont PASS pèmèt ou ekonomize lajan pou depans ki pou objektif ou genyen pou travay ou.

Kont pou Devlopman pou yon moun:

Yon kont pou Devlopman yon moun ap ede ou ekonomize lajan pou ou ale lekòl, achte yon kay oubyen komanse yon biznis.